



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$5.4 MILYON NAN FINANSMAN AMERICORPS**

### ***Sibvansyon an pral sipòte Gwoup Travay anti-povrete Gouvènè a nan Rochester ansanm avèk lòt pwogram yo ki esansyèlman enpòtan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York te bay \$5.4 milyon nan finansman AmeriCorps ki soti nan federal Corporation pou sèvis Nasyonal ak Kominotè. New York pral jere fon sa a bay 19 minisipalite ak òganizasyon non-pwofi yo kap ede timoun ki a risk yo, granmoun ki rete nan kay yo, fanmi ki gen revni fèb yo, ansanm avèk veteran yo ki gen difikilte toupatou nan eta.

“Sa a se osijè pou mete moun ak resous sou teren an nan kominote ki gen bezwen elve yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou sipòte pwogram sa yo, nap gide timoun yo nan siksè akademik, prepare moun ki nan chomaj yo pou yo re-antre nan travay, epi pran swen sila yo ki te sèvi peyi a.”

Atribye grasa yon pwosesis pwopozisyon demann konpetitif, sibvansyon sa yo pral pèmèt 19 minisipalite ak òganizasyon non-pwofi yo rekrite apeprè 700 manm AmeriCorps toupatou nan eta. Chak manm pral resevwa yon bousdetid lè li fini sèvis li. Preske \$600,000 pral konplete travay Gwoup Travay anti-povrete Gouvènè a nan Rochester nan sipòte pwogram ki fèt pou amelyore akonplisman akademik, sante adolesan, ak prevansyon vyolans nan vil ki gen katye ki pi pòv yo.

Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè– New Yorkers Volunteer, yon komisyon Gouvènè a te nome, pral jere sibvansyon yo. Komisyon an itilize pouvwa AmeriCorps pou adrese kèk nan defi ki pi difisil eta, epi ankouraje sitwayen yo pou fè yon diferans nan lavi lòt moun.

**Direktè Egzekitif New Yorkers Volunteer Linda Cohen te deklare,** “Manm AmeriCorps sa yo pral travay nan pwòp kominote yo. Sa vle di yo pral resevwa yon bousdetid epi gen eksperyans enpòtan pandan yap fè yon diferans nan lavi vwazen yo. Sa a se yon viktwa reyèl.”

Sibvansyon yo te atribye nan Eta New York la se:

<b>Non Óganizasyon</b>	<b>Rezime Pwogram</b>	<b>Finansman Apwouve</b>	<b>Popilasyon Desèvi</b>
Vil Rochester	Pwomote sante adolesan, alfabetizasyon pandan anfans, ak prevansyon vyolans nan zòn ki gen anpil povrete	\$431,600	Rochester
Community Health Care Association of NYS	Prepare manm AmeriCorps yo pou yon karyè reyisi ki baze sou swen sante prensipal kominotè	\$244,412	Buffalo, Glens Falls, Newburgh, New York City
Cradle Beach Camp	Amelyore akonplisman akademik ak pousantaj prezans nan Lekòl Piblik yo nan Buffalo	\$406,544	Buffalo
Grand Street Settlement	Amelyore akonplisman akademik ak opòtinite ekonomik nan Brooklyn ak anba nan pati Lès la	\$231,133	Vil New York
Great Oaks Foundation	Amelyore akonplisman akademik nan yon lekòl Chatè kap sèvi Lower East Side ak Two Bridges	\$717,162	Vil New York
Legal Assistance of Western New York	Elaji sèvis legal pou pòv yo nan Bath, Elmira, Geneva, Ithaca, Jamestown, Olean, ak Rochester	\$265,280	Finger Lakes, Southern Tier, Western New York
Asosyasyon Sante Mantal nan Konte Columbia-Greene	Konseye elèv yo pou amelyore akonplisman akademik ak alfabetizasyon nan distri lekòl Hudson City	\$331,294	Hudson
New York Restoration Project	Restore ak kenbe espas vè nan katye yo ki gen difikilte ekonomik ak anviwonmantal	\$275,642	Vil New York
Oswego City-County Youth Bureau	Konseye jèn ki defavorize yo; ankouraje edikasyon nitrisyon ak edikasyon fizik pou redwi obezite pandan anfans	\$225,375	Konte Oswego

	Bay asistans lojman ak alfabetizasyon finansye nan Depatman Sèvis Sosyal ak lòt ajans yo	\$125,702	
Relay Graduate School of Education	Amelyore rezilta edikasyon nan fòmasyon ak pwofesè ki sètifye pou travay nan kominote ki gen revni fèb yo	\$42,000	Vil New York
Rural Health Network	Ede granmoun yo ansanm avèk moun yo ki rete nan kay ki pa ka deplase; amelyore aksè a swen sante; ogmante sekirite manje	\$313,806	Konte Broome, Chemung, Chenango, Cortland, Delaware, Otsego, Tioga, ak Tompkins
SCO Family of Services	Fasilite akademik, art, ak aktivite amizman pou elèv revni fèb yo nan Sunset Park, Brooklyn	\$193,695	Brooklyn
Student Conservation Association	Pwoteje sistèm ekoloji la ki a risk sou teren piblik yo, bay edikasyon anviwonmantal nan kominote riral ak iben yo	\$475,000	Adirondack Park, Hudson Valley, Vil New York
Sunset Park Health Council / Lutheran Family Health Centers	Amelyore akonplisman akademik, preparasyon travay, ak aksè a swen sante nan sidwès Brooklyn	\$179,618	Brooklyn
The Institute for Human Services	Devlope konpetans okipasyonèl; ankouraje preparasyon travay; bay asistans lojman	\$183,615	Konte Chemung, Schuyler, ak Steuben
The Service Collaborative of WNY	Bay sèvis alfabetizasyon finansye a 1,800 adilt ki defavorize ekonomikman nan Lwès New York	\$245,011	Konte Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, ak Niagara
Urban League of Rochester	Amelyore akonplisman akademik ak preparasyon kolèj nan senk katye nan nòdès Rochester	\$135,000	Rochester

Utica Municipal Housing Authority	Konekte rezidan ki gen revni fèb yo a opòtinite travay; ede veteran yo akonpli stabilite lojman ak finansye	\$136,252	Konte Herkimer, Madison, ak Oneida
Yeshiva Kehilath Yaakov	Fòm rezidan ki gen revni fèb yo ak sa ki nan chomaj yo pou konseye elèv yo epi travay sou pwojè edikasyon sante	\$228,753	Vil New York

**Depite Jerrold Nadler te deklare,** “Kominote se osijè plis pase endividi a, e Nouyòkè yo te demontre pandan lontan angajman yo a sèvis tankou youn nan karakteristik sou sa ki fè eta nou an gran. Antanke yon sipòtè ki la lontan nan Kongrè a sou pwogram AmeriCorps a, Mwen kontan dèske lajan federal sa a te disponib pou ede sila yo ki gen risk ki pi elve, konprann ke nou ka ale delavan ansanm lè nap chèche youn lòt. Mwen felisite volontè AmeriCorps yo paske yo te angaje tan ak enèji yo pou rebay sèvis yo, ak konplimante Gouvènè Cuomo ansanm avèk 19 òganizasyon yo nan eta kap travay pou amelyore kominote nou yo grasa travay san relach yo ansanm avèk angajman pou sèvis.”

**Depite Brian Higgins te deklare,** “Pwogram AmeriCorps a fè travay enkwayab pou fè kominote yo ale delavan epi ede manm ki pi vilnerab yo. Óganizasyon ki sipòte yo tankou Community Healthcare Association of New York State, Cradle Beach Camp, ak The Service Collaborative of Western New York pral fè yon diferans reyèl nan rejyon nou an ak nan lavi sila yo ki nan bezwen.”

### **Enfòmasyon osijè Komisyon NYS sou Sèvis Kominotè ak Nasyonal**

Komisyon Eta New York sou Sèvis Kominotè ak Nasyonal - New Yorkers Volunteer ap chèche pou amelyore lavi, ranfòse kominote yo, ak favorize angajman sivik grasa sèvis ak volontarya nan Eta New York. Se ak yon Dekrè Egzekitif Gouvènè a te kreye l nan lane 1994, epi l ap jere pwogram ki gen bourad lajan National Community Service Trust Act of 1993, san bliye pwogram AmeriCorps State ak Pwogram Bous Edikasyon AmeriCorps. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [newyorkersvolunteer.ny.gov](http://newyorkersvolunteer.ny.gov), “like” [NYS CNCS](https://www.facebook.com/NYS-CNCS) nan Facebook, oswa swiv [@NYersVolunteer](https://twitter.com/NYersVolunteer) nan Twitter.

### **Enfòmasyon sou AmeriCorps**

AmeriCorps administre pa Kòporayson pou Sèvis nasyonal ak Kominotè, yon ajans federal ki angaje plis pase senk milyon Ameriken nan sèvis atravè AmeriCorps, Senior Corps, the Social Innovation Fund, ak the Volunteer Generation Fund, e li kondwi apèl nasyonal Prezidan nan inisyativ sèvis, Nou Ini pou Sèvis. Depi 1994, plis pase 72,000 manm AmeriCorps nan New York te konplete plis pase 110 milyon èdtan sèvis. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.rfsuny.org/TAF](http://www.rfsuny.org/TAF).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418